# ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ЛИРИКАСЫНДА ХАЛЫҚЛЫҚ ПАФОСТЫҢ КӨРКЕМ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**М.Қ.Жарылқасинова –** *таяныш докторант*
*ӨзРИА Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** халқона пафос, лирика, шоир, бадиий руҳ, маҳорат.
**Ключевые слова:** народный пафос, лирика, поэт, художественный дух, мастерство.
**Key words:** folk pathos, lyrics, poet, artistic spirit, skill.

Көркем шығарма автордың жан-тәни менен қуўатланған, ақыл-ойының, сондай-ақ, бир-бирин қайталамайтуғын пикир ҳәм де туйғыларының жыйындысы. Әлбетте, пикирлеў барлық инсаниятқа тән қәсийет. Дөретиўши инсанның өзгеше артықмаш тәрепи, көркем сөзди құдиретли күшке айландырып, оны жанландырыўында көринеди.

XX әсирдеги қарақалпақ әдебиятын жанрлық, идеятематикалық жақтан байытқан шайыр Тилеўберген Жумамуратов та әне сондай, сөз маржанын көркемлеп дизген ҳәм оның күшине исенген шайырлардың бири болды. Оның рәңбәрең шығармаларының ҳәрбиринде, шайырдың ой-пикирлериниң, толғанысларының жемиси жатады.

Т.Жумамуратов қарақалпақ әдебиятында импровизатор шайыр болыў менен бирге, көбирек фольклорлық дәстүрлерди жазба әдебиятта раўажландырыўшы шайыр сыпатында да журтшылыққа белгили болды. Әсиресе, фольклор менен биргеликте, қарақалпақ классикалық әдебияты, Шығыс әдебияты дүрданалары дөретиўшилиги менен тығыз байланысқан. «Ол өз поэзиясында усы әдебияттың ең жақсы дәстүрлерин өзинше раўажландырып даўам етти» [1:487]. Шайырдың творчествосы жүдә рәңбәрең. Оның поэзиясы қандай тематикада жазылса да, философиялық ой жуўыртыў ҳәм оннан жуўмақ шығарыў қәбилетине ийе. Көбинесе, бундай процесс шайырдың төртликлеринде белгили дәрежеде сезилип турады. «Қарақалпақ әдебиятында киши лирикалық форманың ең кең тарқалған үлгиси— төртликлер. Жәми төрт қатардан ибарат қосықлар усылай аталады» [2:34].

Аўыздан сөз шықпақ керек байқалып,
Гәп мәнисин ислеп алар жай халық,
Абайсызда айтқан ойын сөзиңди,
Атлы қуўып алалмассаң қайтарып [3:10].

Бул төртлиги арқалы шайыр сөзди ойлап айтыў кереклигин уқтырмақшы болады. Және де, XI әсирде жасап өткен шығыс әдебиятының ўәкили Юсуп Хас Ҳәжибтиң: «Сөзиңе ықтыят бол, басың кетпесин, Тилиңе ықтыят бол, тисиң сынбасын» [5:79] деген даналық пикири менен биргеликте халқымыз арасында көп таралған «Айтылған сөз— атылған оқ», «Аңламай сөйлеген, аўырмай өледи», «Жети өлшеп бир кес» ҳәм т.б сыяқлы халықлық уғымларға сай мазмунлас ҳәм сыбайлас дөретилгенлигин аңлаймыз. Шынында да, жақсылыққа да, жаманлыққа да баслаўшы - тил.

Т.Жумамуратовтың лирикасының өзгешелиги оның халықшыллығында, халықлық пафостың басым келиўинде көринеди. «Пафос— (Грек сөзи, pathos сезим, айрықша дыққат пенен берилиў мәнисинде). Әдебий шығармаларда қандай да белгили бир идея менен берилип, терең суўғарылыў» [6:156]. Бунда ҳәрбир сөз белгили мазмунды аңлатып, шайырлық руўх тийкарғы орынға шығады. Дөретпени жүзеге келтириўге, оны жарыққа шығарыўға ийтермелеўши қандай да бир себеп болады. Бул себеп болса, толып-тасып құдиретли күшке айналады. Мине, усы күш шайырлық руўхтан дәрек береди. Демек, пафосты жүзеге келтириўде қандай да бир тийкар болады. Шайыр Т.Жумамуратов мине усы тийкарды халқынан алады. Оның лирикасында халқына деген патриотлық сезимниң жоқары екенлиги айқын көринеди. Оны биз қарақалпақ халқына, туўылған жерине арналған қосықларынан көриўимизге болады. Шайырдың нәзеринен өзи туўылып өскен елдиң қала ҳәм районларының, ҳешбиреўи де шетте қалған жоқ. Мысалы:

Туўылдым да, жастан сонда көп болдым,
Шадлы өсип, қурғын болдым, тоқ болдым,
Ядтан шықпас шомылғаным, жүзгеним,
Айдынында мөлдир суўлы көк көлдиң.
— Қай жақта?
— Аққум, Майпоз, Тентек арна, Мойнақта [3:69].

Бул қосық қатарларында шайыр өзиниң балалығын еске алыў арқалы туўылып өскен жери Мойнақтың тәбиятын да қоса жырлайды. Шайыр туўылған жери мысалында қарақалпақ елиниң гөззал келбетин қағазға түсиреди. Қосықтағы шайыр сөз еткен тәбият Әжинияз шайырдың «Еллерим барды» қосығындағы тәбият пенен үнлес болып келеди. Шайыр Әжинияз ҳәм Бердақтан үлги алып, өзине руўхый устаз деп биледи. Бул ҳаққында қосықтың дәслепки шуўмағында айтып өтеди:

Сақпан атып зорды берип ҳалғаққа,
Қаўын қорып отырсақ та шартақта,
Қосық айтып жүрер едик еликлеп,
Аяпберген, Әжинияз, Бердаққа.
— Қай жақта?
— Ақдәрьяда, Бозатаўда, Мойнақта [3:69].

Косықта Мойнақтан басқа да бир неше топонимлер ушырасады. Олардың ҳәрбирин сөз еткенде шайыр өзиншелик сыпатлары менен бериўге тырысады. Демек, бул арқалы биз шайырдың туўылған жерге ҳәм оның гөззал тәбиятына болған муҳаббатының жоқары пафоста жырланғанын сезиўимизге болады. Себеби, бундай шығарманы жүзеге шығарыў ушын шайырлық йош пенен бирге ўатанға болған перзентлик муҳаббат та керек болады.

Сондай-ақ, Т.Жумамуратовтың басқа да ўатан темасындағы қосықлары, яғный «Қарақалпақ болғалы», «Қарақалпақ ат қалды» сыяқлы қосықларының төркини узақ тарийхымызға барып ушласады. Арал темасы да шайырды толғандырмай қоймады.

Бир-бирине сыйласықлы аўылы,
Жайлаўында толы сыйыр-саўыны.
Питик өскен мийўа жемис, қаўыны,
Мәканында түрли дақыл, Аралым [4:25].

Бул қатарларында да мәканын жаннан сүйген қаҳарман образын көриўимизге болады. Қосықтың ең соңғы шуўмағыда, «Дуз топланып, өңешимди тескен жел, Топырақларың жуўып кеткей, Аралым!» деп, елимиздеги экологиялық жағдайға бир жанашыр перзент сыпатында қайғырады.

Шайыр лирикасынан орын алған «Атлар» қосығында аянышлы бир жағдайды сөз етеди. Яғный, халық дәстанларындағы батырлардың ең жақын достысы ҳәм жәрдемшиси сыпатында сүўретлеген атларды бул қосықта гөш комбинатына қарай тийеп алып кетеди. Халықтың жырын жырлайтуғын, жаслайынан халық дәстанларын сүйип оқыған ҳәм де атларды инсанияттың ең жақын жолдасы деп билиўши халық шайыры ушын бул ҳәдийсе, әлбетте, аянышлы.

Бабаларым қанат етти атларды,
Ел қорғаўда алып берди жеңисин,
Мың-мың жыллар мәртлик хызмет атқарды,
Бүгин, мине, азық болды ел ушын… [4:29].

-деп, жанын қурбанлыққа берип, соңғы хызметин де көрсеткен атларды поэтикалық қатарларда сәўлелендиреди.

Т.Жумамуратовтың лирикасы көбинесе философиялық пикирлеўге, тереӊ ойларға қурылған. Ол өзиниӊ дөретиўшилигинде хадаллық ҳәм адамгершилик пазыйлетлерди жоқары санап, өзиниӊ қатнасын сәўлелендиреди. Сондай-ақ, лирикасында философиялық жуўмақлар менен бир қатарда педагогикалық жақтан тәлим-тәрбияға бағдарланған қосықлары да бар болып, олардың ҳәркайсысы оқыўшыны ўатанды ҳәм халқын қәдирлеўге, адамгершиликли болыўға ҳәм сондай-ақ, халыққа үлесип жасаўға шақырады:

Гөнермейди елге еткен жақсылық,
Қартайғанда еркелетер жас қылып,
Шеӊгел болып кесе турар алдыӊнан,
Болса сенде ҳийле, тәсил, пәс қылық [3:17].

Бул қатарлар арқалы жақсылықтыӊ ҳешқашан тозбайтуғынын керисинше сени барлық ўақытта елдиӊ алдында жас қылып көрсетип туратуғунын сәўлелендирип өтеди. Бир қарағаннан жүдә әпиўайы сөзлер менен жазылған, бирақ тереӊирек кирип барсақ түбинде үлкен мәни жатырғанын аӊлаў қыйын емес. Яғный, өзиниӊ халқына деген сүйиспеншилиги, меҳир-муҳаббаты. Туўылып өскен елине, халқына жақсылық қылыўға шақырған шайыр, жақсылықтыӊ да жаман қылықтыӊ да ел арасында ҳешқашан умытылмайтуғынлығын жырлайды.

Т.Жумамуратовтың лирикасында фольклорлық дәстүрлерге садықлық айқын көзге тасланады. Сондай-ақ, киши лирикалық формалардан— төртликлер, рубайылардан баслап, сонетлер, балладалар, ири көлемдеги қосықлары, сатира-юморлық шығармаларында да халқына деген шайырлық көз-қараслары менен перзентлик муҳаббаты ҳәрқыйлы поэтикалық образларда сәўлеленген. Елимиздиӊ гөззаллығын, халқымыздыӊ әсирлер даўамында бойына сиӊген үрп-әдетлерин, турмыс ҳақыйқатлығын Тилеўберген Жумамуратовтыӊ қосықлары мысалында уғынамыз. Және де, тәлим-тәрбия мәселесинде де жүдә көплеген қосықлар дөретти. Ийгиликли ислерди қоллады, жаман иллетлерди қаралап, сынлық көз-қараста болды. Мысалы оныӊ:

Өзиӊ емес, журт өлшейди баҳаӊды,
Билгиӊ келсе жақсы менен жаманды,
Мәрт майданда белли, деген нақыл бар,
Шамалы күн болып көрсин хамаллы [3:30].

Шайырдыӊ бул қосығында инсаниятқа тән болған қубылмалы минез-хулықты баянлайды. Яғный, бунда шайыр қандай жағдай болса да, өзлигин жойтпай, адамгершиликли болған адамды ҳақыйқый мәрт деп есаплайтуғын лирикалық қаҳарман образын дөретеди.

Т.Жумамуратовтыӊ сатиралық шығармаларында көтерип шыққан мәселелери ҳәзирги бизиӊ турмысымызда да ушырасады. Оныӊ ҳәрбир сатиралық қосығыныӊ негизинде бүгинги күнде де жийи-жийи ушырасып туратуғын кәте-кемшиликлер сөз етиледи. Сонлықтан да, бул шығармалар ҳәзирги ўақытта да өз әҳмийетлилигин жойтқаны жоқ.

Жуўмақлап айтқанда, Т.Жумамуратовтыӊ дөретиўшилигиндеги ўатан, дослық, муҳаббат адамгершилик сыяқлы ҳәм т.б. темалардағы қосықлары фонында халықшыллығы турады. Өзи сөз еткен мәселеге жеке пикирин билдириў, философиялық жуўмақ шығарыўы шайырдыӊ дөретиўшилигиниӊ өзгешелигин билдирип турады. Ол сөз етип атырған темасына шайыр сыпатында емес, бәлким сол халықтан шыққан бир перзент сыпатында өзиниӊ көзқарасларын билдиреди. Барлық ўақытта жақсы әмеллердиӊ қоллап-қуўатлаўшысы, ал жаман иллетлерди әшкаралап қоймастан оған өзиниӊ жек көриўшилик сезимлерин айрықша бир теӊеўлер менен көрсетип бериўши халықшыл шайыр бола алды. Әпиўайыдай болып көринген қатарлар арқалы қурамалы темаларды сөз етеди. Ол өзиниӊ жеке стилине, халықшыллығына өмириниӊ ақырына шекем садық қалды.

**Әдебиятлар**


1. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. «ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы». - Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.
2. Оразымбетов Қ. «Таңламалы шығармалар топламы II том». - Нөкис: «Билим», 2008.
3. Жумамуратов Т. «Аралға келдим оралып». - Нөкис: «Қарақалпақстан», 2016.
4. Жумамуратов Т. «Өмириңниң өзи философия». -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2005.
5. Mámbetov K. «Erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı». -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2020.
6. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. «Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги». - Нөкис: «Билим», 1994.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада қорақалпоқ халқ шоири Т.Жумамуратов ижодида халқона пафоснинг акс эттирилиши, инсонларга хос одамийлик, ҳалоллик, ватансеварлик сингари ҳислатларнинг тасвирланиши таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье изучаются отражение народного пафоса в творчестве каракалпакского народного поэта Т.Жумамуратова. Анализируются такие качества как человечность, честность, патриотизм.

**SUMMARY**

The article is devoted studies the reflection of folk pathos in the work of the Karakalpak folk poet T.Jumamuratov. There have been analyzed such qualities as humanity, honesty, patriotism.


## IKROM OTAMUROD DOSTONLARIDA FALSAFIY MUSHOHADALAR TAHLILI


**S.Jumayeva** – *filologiya fanlari nomzodi, dotsent*
*Qarshi davlat universiteti*



**Tayanch so'zlar:** she'riyat, shoir, lirika, Sharq falsafasi, davr nafasi, ijod, ruhiyat, janr, doston.
**Ключевые слова:** поэзия, поэт, лирика, Восточная философия, дух времени, творчество, духовность, дух, жанр, поэма.
**Key words:** poetry, poet, lyric, Eastern philosophy, spirit of the time, creativity, psychology, genre, poem.


Taniqli shoir Ikrom Otamurod oʻzbek adabiyotini oʻzining xalqona an'analarga uygʻun holda yozilgan dostonlari bilan boyitib kelayotgan ijodkorlar sirasiga kiradi. Shoirning "Yarador umid otlari", "Uzoqlashayotgan ogʻriq", "Sopol siniqlari", "Ichkari... Tashqari...", "Ictarim", "Yobondagi yolgʻiz daraxt", "Aning umidi", "Xaritaga tushmagan joy", "Muqaddar", "Iztiror", "Balki", "Tagʻazzul", "Dogʻ", "Qush", "Tavr", "Jadval", "Huviyyat", "Ishora" singari asarlari oʻzbek dostonchiligining sara namunalari sifatida e'tirof etiladi. Bu asarlarda inson ruhiyati tasviri oʻzining koʻlamdorligi, badiiyligi, ramziy obrazlar va falsafiy mushohadalar orqali katta ijtimoiy ma'no – mazmun tashishi bilan xarakterlanadi. Adibning "Ichkari... Tashqari..." dostoni insoniyatning botiniy va zohiriy hayotining falsafiy mohiyatiga asoslangan. Zero, inson hayotining mukammalligi ayni shu ikki qutbning uygʻunligiga, mukammalligi va bir-birini toʻldirishiga bogʻliq. Chunki nazariyasiz amaliyot, amaliyotsiz nazariya boʻlmaganidek, ichkarisiz tashqari, tashqarisiz ichkari boʻlmas. Shuningdek, tashqi hayotning toʻlaligi, ichki hayotning mukammalligiga chambarchas bogʻliq. Oʻz navbatida, tashqi olam ham ichki olamga oʻz ta'sirini oʻtkazadi. Bu holatni shoir shunday izohlaydi: